

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 *Setting* Panalungtikan

*Setting* panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjék panalungtikan jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

##### 3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan dilaksanakeun di MTsN Sindangsari, Jl. Eyang Hasan Maolani Desa Sindangsari Kecamatan Sindangagung Kabupatén Kuningan.

##### 3.1.2 Subjék Panalungtikan

Anu dijadikeun subjék panalungtikan dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-A MTsN Sindangsari, kalawan jumlah siswa 42 urang, anu ngawengku 25 urang siswa lalaki jeung 17 urang siswa awéwé.

##### 3.1.3 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun dina waktu kurang leuwih sabulan nya éta dina ahir bulan Januari nepi ka awal bulan Fébruari 2013, anu diwincik saperti dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1

Kegiatan jeung Waktu Panalungtikan

No.	Kegiatan	Waktu Panalungtikan
1	Pra-Panalungtikan	Sabtu, 26 Januari 2013
2	Siklus I	Sabtu, 2 Februari 2013
3	Siklus II	Sabtu, 9 Februari 2013

#### 3.2 *Desain* Panalungtikan

Panalungtikan nu dilaksanakeun di MTsN Sindangsari ngabogaan tujuan pikeun ngukur kaparigelan siswa dina maca carita pondok maké modél pangajaran

kooperatif tipe CIRC. Dina ieu panalungtikan, métode nu digunakeun nya éta Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK).

PTK (Panalungtikan Tindakan Kelas) ngawengku tilu wangenan kecap inti, nya éta:

- 1) panalungtikan, nyoko kana hiji kagiatan *mencermati* hiji objék kalawan ngagunakeun cara jeung aturan métodologi nu tangtu pikeun meunangkeun data atawa informasi nu mangpaat dina ningkatkeun mutu hiji hal anu ngirut minat jeung penting pikeun panalungtik;
- 2) tindakan, nyoko kana hiji kagiatan anu ngahaja dilakukeun kalawan tujuan nu tangtu. Ieu disebut siklus kagiatan;
- 3) kelas, dina ieu hal teu kaiket ku wangenan rohangan kelas, tapi leuwih spésifik. Kelas anu dimaksud nya éta sakelompok siswa dina waktu nu sarua, narima pangajaran nu sarua ti guru nu sarua ogé.

Tina tilu wangenan kecap inti di luhur, bisa dicindekkeun yén panalungtikan tindakan kelas mangrupa hiji *pencermatan* kana kagiatan diajar nu mangrupa hiji tindakan anu ngahaja dimunculkan jeung kajadianana dina hiji kelas sacara babarengan (Arikunto, 2006: 2-3).


Kemmis dina Sanjaya (2009: 24) nétélakeun yén panalungtikan tindakan nya éta hiji panalungtikan reflektif jeung kolektif nu dilakukeun ku panalungtik dina situasi sosial pikeun ningkatkeun *penalaran* prakték sosialna.

Karakteristik PTK ngawengku:

- 1) ayana masalah dina PTK dipicu ku munculna kasadaran dina diri guru yén dina prakték pangajaranna aya masalah;
- 2) *self-reflective inquiry*, nya éta panalungtikan ngaliwatan réfléksi diri, guru ngumpulkeun data tina praktékna ngaliwatan réfléksi diri;
- 3) dilakukeun di jero kelas, anu fokus kana prilaku guru jeung siswa dina ngalakukeun interaksi;
- 4) tujuanna pikeun menerkeun pangajaran.

Aya sababaraha modél PTK, nya éta modél Kurt Lewin, modél Ebbut, modél Elliot, modél Hopkins jeung modél PTK bentuk siklus (Sanjaya, 2009: 49-57).

Tina sababaraha modél éta, desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta desain anu nyoko kana pamadegan Arikunto (2006: 16) nya éta modél Kurt Lewin. Ieu di handap mangrupa bagan siklus PTK.



Gambar 3.1

Modél Panalungtikan Tindakan Kurt Lewin  
(Arikunto, spk., 2006:16)

Keterangan Gambar:

**Tahap 1: Ngararancang Tindakan (*Planning*)**

Dina ieu tahapan, panalungtik ngajéntrékeun ngeunaan naon, ku naon, iraha, di mana, ku saha jeung kumaha tindakan éta dilakukeun. Léngkah-léngkah nu dilakukeun dina ieu tahap nya éta nyiapkeun alat bantu jeung nyiapkeun instrumén anu diperlukeun nalika prosés siklus atawa tindakan.

**Tahap 2: *Pelaksanaan Tindakan (Acting)***

Tahap kadua tina ieu panalungtikan nya éta pelaksanaan anu mangrupa impleméntasi atawa ngalarapkeun eusi rarancang, hartina dina ieu tahapan

panalungtik baris ngalarapkeun modél pangajaran kooperatif tipe CIRC dina maca carita pondok anu geus dirarancang.

### **Tahap 3: Pengamatan (*Observing*)**

Dina ieu tahapan, panalungtik ngarékam sakabéh prosés anu dilaksanakeun nalika siklus atawa tindakan. Dina tahap observasi ieu, kagiatan inti panalungtik nya éta ngumpulkeun data ngaliwatan padoman panalungtikan atawa instrumén panalungtikan anu geus disiapkeun saperti padoman tés, padoman observasi jeung pakakas dokuméntasi pikeun meunangkeun pamanggih jeung *masukan* salila kagiatan lumangsung sarta pikeun ngahontal tujuan nu dipiharep.

### **Tahap 4: Réfléksi (*Reflecting*)**

Tahap réfléksi mangrupa kagiatan pikeun malikan deui naon nu geus dilakukeun. Dina ieu tahap bisa ditangtukeun siklus anu geus dilaksanakeun hasil atawa henteu. Upama henteu hasil, biasana dilakukeun léngkah saterusna nya éta, ngayakeun siklus II.

## **3.3 Wangenan Operasional**

Pikeun nyingkahan salah tapsir ngeunaan istilah anu aya dina ieu panalungtikan, ku kituna ieu di handap dipedar ngeunaan wangenan operasionalna.

### **1) Modél Pangajaran Kooperatif Tipe CIRC**

CIRC kaasup kana modél pangajaran kooperatif. Pangajaran kooperatif nyoko kana métode pangajaran di mana siswa diajar dina kelompok leutik, silih mantuan nalika diajar pikeun ngahontal tujuan diajar. Léngkah-léngkah dina modél pangajaran kooperatif tipe CIRC ieu nya éta (1) guru ngabagi siswa kana sababaraha kelompok anu anggotana opat atawa lima urang siswa sacara hétérogén, (2) guru ngabagikeun wacana luyu jeung bahan pangajaran, (3) siswa babarengan silih macakeun, nimukeun ide poko, méré sawangan kana éta wacana tuluy dituliskeun dina kertas salembur, (4) salah saurang anggota macakeun hasil kelompokna, jeung (5) guru nyieun kacindekkan babarengan jeung siswa.

## 2) Kamampuh Maca Pamahaman Carita Pondok

Kamampuh asalna tina kecap mampuh anu hartina kuat, sanggup, wasa, mempan (Danadibrata, 2006: 424). Sedengkeun maca pamahaman nya éta maca anu miboga tujuan pikeun maham eusi téks kalayan teleb.

Carita pondok téh nya éta carita rékaan (fiksi) tina tingkah laku manusa anu nyaritakeun kahirupan masarakat atawa manusa sapopoé anu méré kesan lir enya-nya kajadian. Jadi, kamampuh maca pamahaman carita pondok hartina kabisa dina maham eusi carita pondok kalayan teleb.

Dina ieu panalungtikan anu diukur nya éta kamampuh maca pamahaman literal. Pikeun ngukur hasil maca pamahaman bisa dilaksanakeun tés préstasi boh dina wangun ésay boh dina wangun *Pilihan Ganda (PG)*. Dina ieu panalungtikan tés anu digunakeun nya éta tés préstasi dina wangun ésay.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku tés kamampuh siswa jeung observasi.

#### 3.4.1 Tés Kamampuh Siswa

Tés dilaksanakeun pikeun ngukur hasil diajar siswa tina matéri nu geus ditepikeun salila kagiatan pangajaran ngagunakeun modél kooperatif tipe CIRC. Tés dilaksanakeun ngaliwatan tés tulis di unggal tahap pangajaran pikeun ngukur ngaronjatna kamampuh maca carita pondok siswa ngagunakeun format peunteun anu geus ditetepkeun.

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, pikeun mikanyaho hasil ngaronjatna diajar maca pamahaman siswa, tés anu digunakeun dina panalungtikan nya éta Tés Pamahaman Bacaan (TPB). Hasil ieu tés téh digunakeun pikeun bahan analisis kamampuh siswa salila kagiatan panalungtikan lumangsung, boh siklus I boh siklus II. Wangun nu dilaksanakeun nya éta wangun tés tulis (ngeusian pertanyaan nu patali jeung carita pondok nu geus dibaca).

### 3.4.2 Observasi

Dina ieu panalungtikan, observasi diperlukeun pikeun ngagambarkeun *setting* anu disanghareupan, kagiatan-kagiatan anu lumangsung, jalma-jalma nu kalibet dina kagiatan jeung ma'na kajadian disawang tina perspektif maranéhna nu kalibet dina kajadian nu diperhatikeun. Observasi ieu dilakukeun pikeun niténan aktivitas guru jeung siswa dina kagiatan kelompok atawa individu salila prosés diajar lumangsung. Dua format observasi éta dieusian ku observer nu dilakukeun babarengan nalika pelaksanaan tindakan di unggal siklus pikeun nempo aktivitas guru jeung aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén atawa alat panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta: 1) lambaran tés, jeung 2) lambaran observasi.

#### 3.5.1 Lambaran Tés

Tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina maham eusi teks. Tés dina ieu panalungtikan ngagunakeun wangun soal ésay. Jumlah soal aya 2 nya éta ngawengku soal pamahaman literal. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dipedar kisi-kisi soal tés siklus I jeung siklus II.

Tabél 3.2

Kisi-kisi Soal Tés Siklus I jeung Siklus II

Standar Kompetensi	Matéri	Indikator	No. Soal	Bobot Soal
7.3 Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa sajarah lokal/cerita babad, teks percakapan, dongeng, dan carita pondok.	7.3.4. Membaca carita pondok	<ul style="list-style-type: none"> <li>Bisa nyebutkeun unsur-unsur intrinsik carpon nu geus dibaca (téma, palaku, latar, galur, amanat, gaya basa, <i>point of view</i>)</li> </ul>	1	70

		• Bisa nyaritakeun deui ringkesan carpon kalawan maké basa sorangan	2	30
<b>Jumlah Skor</b>				100

### 3.5.2 Lambaran Observasi

Lambaran observasi disusun dumasar kana kalakuan siswa jeung guru salila prosés pangajaran, sarta pangaruhna anu ditimbulkeun kana prosés jeung hasil diajar. Jadi, dina ieu observasi aya dua hal nu ditalungtik, nya éta lambaran padoman observasi aktivitas guru jeung lambaran observasi aktivitas siswa.

#### 1) Lambaran Padoman Observasi Aktivitas Guru

Observer niténan jeung ngaévaluasi panalungtik (guru) salila KBM lumangsung.

Tabél 3.3

#### Lambaran Observasi Aktivitas Guru

Wasta Obsérver : .....

Poé, Ping : .....

Jam : .....

Standar Kompetensi : 7.3 *Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa sajarah lokal/cerita babad, teks percakapan, dongeng, dan carita pondok.*

Kompeténsi Dasar : 7.3.4. *Membaca carita pondok.*

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1	<b>Kegiatan awal</b> a) Guru ngondisikeun siswa. b) Guru ngadata (ngabsén) kahadiran siswa. c) Guru ngayakeun apersépsi ngeunaan matéri anu baris dijelaskeun. d) Guru ngamotivasi siswa sangkan sumanget diajar. e) Guru nepikeun tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dilaksanakeun salila pangajaran.			
2	<b>Kegiatan inti</b> a) Nepikeun matéri ngeunaan carpon. b) Ngabagi siswa jadi sababaraha kelompok.			

	c) Guru ngabagi téks carpon jeung soal tést. d) Ngaping siswa nalika maca carpon, diskusi jeung ngeusian soal tést. e) Méré kasempetan ka siswa macakeun hasil kelompokna.			
3	<b>Kegiatan ahir</b> a) Guru jeung siswa babarengan nyindekkeun matéri pangajaran. b) Guru nepikeun kegiatan pangajaran satuluyna, kaasup méré tugas. c) Guru mungkas kegiatan pangajaran.			
<b>Jumlah</b>				
<b>Persentase</b>				

**Keterangan :** Béré tanda *chek list* (√) dina kolom **Ya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **Tidak** lamun teu katitén dilaksanakeun.

**Catatan Observer :**

Sindangsari, ... Februari 2013

Observer,

Panalungtik,

\_\_\_\_\_

**NIP.**

**Tati Rosmiati**  
**NIM. 0906246**

## 2) **Lambaran Padoman Observasi Aktivitas Siswa**

Observer niténan aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung nu aya patalina jeung motivasi nu tumuwuh salila prosés pangajaran.

Tabél 3.4

### Lambaran Observasi Aktivitas Siswa

Wasta obsérver : .....

Poé, ping : .....

Jam : .....

Standar Kompeténsi : 7.3 *Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa sajarah lokal/cerita babad, teks percakapan, dongeng, dan carita pondok.*

Kompeténsi Dasar : 7.3.4. *Membaca carita pondok.*

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1	<b>Kegiatan awal</b> a) Nurut nalika dikondisikeun. b) Ngaréspon nalika keur didata (absén).			



	<ul style="list-style-type: none"> <li>c) Ngarti kana apersépsi matéri anu baris dijelaskeun.</li> <li>d) Kamotivasion pikeun sumanget diajar.</li> <li>e) Ngarti kana tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dilaksanakeun salila pangajaran.</li> </ul>			
2	<p><b>Kegiatan inti</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a) Ngabandingan nalika guru ngajelaskeun matéri.</li> <li>b) Ngarti nalika dibagi jadi sababaraha kelompok.</li> <li>c) Tartib nalika dibagi téks carpon jeung soal tés.</li> <li>d) Gawé babarengan, silih macakeun, nimukeun unsur-unsur intrinsik carita pondok jeung méré tanggapan kana carpon nu geus dibaca sarta ngeusian soal tés.</li> <li>e) Siswa macakeun hasil kelompokna hareupeun babaturanna.</li> </ul>			
3	<p><b>Kegiatan ahir</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a) Babarengan jeung guru pikeun nyindekkeun matéri pangajaran.</li> <li>b) Ngabandingan kagiatan pangajaran satuluyna, kaasup aya tugas.</li> </ul>			
	<b>Jumlah</b>			
	<b>Persentase</b>			

**Keterangan :** Béré tanda *chek list* (√) dina kolom **ya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **tidak** lamun teu katitén dilaksanakeun.

**Catetan Obsérver :**

Sindangsari, 2 Februari 2013

Obsérver,

Panalungtik,

\_\_\_\_\_  
NIP.

**Tati Rosmiati**  
NIM. 0906246

### 3.6 Prosedur Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, analisis data dilakukeun di unggal siklus, minangka bahan réfléksi pikeun pelaksanaan siklus satuluyna. Aya sababaraha tahapan dina analisis data, di antarana:

- 1) Ngalakukeun klasifikasi data atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah. Dina ieu hal, panalungtik ngumpulkeun sakabéh alat ngumpulkeun

data panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satuluyna dikumpulkeun dumasar fokus masalahna.

- 2) Nafsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan.
- 3) Nganalisis data nu mangrupa hasil tés maca carita pondok siswa di unggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Kriteria ketuntasan minimal (KKM) pelajaran basa Sunda di MTsN Sindangsari nya éta 75. Sangkan leuwih jéntré bisa ditingali dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.5  
Kategori Peunteun

Peunteun	Keterangan
$\geq 75$	Tuntas
$< 75$	Can Tuntas

- 4) Nganalisis hasil obsérvasi aktivitas guru jeung siswa ku cara ngitung unggal perséntase tiap katégori dina unggal tindakan anu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung perséntase ti obsérver.
- 5) Ngalakukeun analisis kualitatif, nya éta nyindekkeun ngaronjat-henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun dumasar tina hasil obsérvasi kalawan babarengan jeung obsérver.
- 6) Nyindekkeun hasil panalungtikan, dumasar kana analisis hasil obsérvasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu diinterpretasikeun dina kalimah pernyataan.

### 3.7 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun salila panalungtikan ti awal nepi ahir, diantaranya:

- 1) ngalakukeun *pendekatan* ka pihak sakola ngeunaan panalungtikan anu baris dilaksanakeun sarta ngalakukeun sosialisasi panalungtikan ka guru pikeun mantuan panalungtik salaku observer;
- 2) ngalakukeun observasi ka siswa dina pangajaran basa Sunda hususna maca carpon kalawan ngagaunakeun métode konvensional pikeun meunangkeun gambaran awal ngeunaan kondisi siswa anu ngawengku aspék inteléktual, jeung pamahaman kecap sarta kalimah bacaan;

- 3) réfléksi awal tina pangajaran maca carpon anu geus diajarkeun;
- 4) ngaidéntifikasi pasualan dina prak-prakan pangajaran maca carpon anu ngabalukarkeun munculna pasualan anu karandapan ku siswa dina pangajaran nyaritakeun pangalaman, saperti halna kapaluruh modél pangajaran anu kurang éféktif;
- 5) nyusun rarancang jeung netepkeun modél anu baris digunakeun nalika panalungtikan lumangsung;
- 6) nyusun jeung netepkeun métode téhnik *pemantauan* (observasi) dina unggal tahapan panalungtikan kalawan ngagunakeun format observasi;
- 7) netepkeun jumlah siklus salila pelaksanaan PTK, nya éta dua siklus;
- 8) nyusun RPP anu ngawengku: indikator, tujuan pangajaran, skénario pangajaran, alokasi waktu, métode, alat jeung bahan, jeung évaluasi kaasup tés;
- 9) nyieun instrumén panalungtikan pikeun masing-masing siklus, nyua éta tés, observasi aktivitas guru jeung observasi aktivitas siswa;
- 10) prak-prakan tindakan siklus I.
- 11) réfléksi tindakan siklus I anu hasilna digunakeun salaku patokan dina nangtukeun *perbaikan* tindakan dina siklus II;
- 12) prak-prakan tindakan siklus II;
- 13) réfléksi tindakan siklus II anu hasilna digunakeun salaku kacindekan panalungtikan.